

K

1

2

3

# Gwo espwa

Patnarya pou  
lavni pitit ou

4



5

6

7

8



**Department of  
Education**

*Joel I. Klein, Chancellor*

# Bon lekòl derape ak Gwo espwa

Nòm aprantisaj yo dekri baz sa elèv yo ta dwe konnen ak sa yo ta dwe ka fè nan chak klas. Nòm sa yo asire ke tout elèv yo prepare pou chanje klas epi, annapre, pou yo gen siksè nan kolèj, jwenn yon djòb, epitou vin manm k ap pwodui nan kominote yo. Timoun yo bezwen devlope yon lanmou pou yo aprann k ap sèvi yo byen nan yon monn kote enfòmasyon ap chanje ak devlope rapidman.

Pou timoun yo kapab jwenn travay nan ekonomi mondyal konpetitif la epi pou yo kapab fonksyone nan yon monn k ap chanje vit, y ap bezwen konnen plis pase anvan. Sa se yon reyalite pou elèv gradye ki fè plan pou enskri nan kolèj ki genyen pwogram katran; Se yon reyalite tou pou elèv ki vle kòmanse karyè yo touswit apre lekòl segondè.

Nòm Leta Nouyòk nou itilize yo, yo fèt pou ofri elèv nou yo korikolòm solid pou asire yo devlope kreyativite, aptitud pou panse kritik ak kapasite pou rezoud pwoblèm y ap bezwen pou fè fas ak defi monn modèn lan. Men nòm yo se yon kòmansman, se pa yon destinasyon. Lè nou satisfè ak bati sou yon fondasyon konesans solid, elèv nou yo ap benefisye davantaj de edikasyon yo.

**Men kèk egzanp w ap jwenn sou sa elèv klas 4yèm ane yo ta dwe konnen ak sa yo ta dwe ka fè nan fen ane akademik lan nan lang e literati (ELA), matematik, syans sosyal, ak syans. W ap jwenn tou fason ou kapab sipòte aprantisaj la antank yon fanmi, tankou bagay ou kapab fè lakay ou, nan katye ou ak toupatou nan gran vil nou an.**

Gid sa a ofri sèlman yon ti modèl nòm pou klas 4yèm ane yo. E sa ki konsène lòt nòm yo? Kisa pitit ou a ta dwe deja konnen anvan l kòmanse 4yèm ane? Kisa l ap aprann nan klas 5yèm ane ak nan lòt klas yo? Pwofesè pitit ou kapab ba ou repons pou tout kesyon sa yo oswa ou kapab jwenn repons yo sou sit wèb nou nan [www.nyc.gov/schools/languages/haitiancreole/academics](http://www.nyc.gov/schools/languages/haitiancreole/academics).

## Bòn abitud etid

Pou ede pitit ou devlope bòn abitud etid.

- Prepare yon espas konfòtab nan kay la pou li fè devwadmezon li.
- Ede pitit ou òganize l.
- Fikse yon lè regilye pou devwadmezon.
- Asire ke pitit ou konnen règleman pwofesè a pou devwadmezon yo.

Pou jwenn lòt lide, ale nan sit wèb [www.nyc.gov/schools/languages/haitiancreole/academics](http://www.nyc.gov/schools/languages/haitiancreole/academics).



## Elèv ki gen andikap :

*Sofsi genyen lòt endikasyon nan Plan edikasyon endividyèl Individualized Education Program (IEP) elèv la, elèv ki genyen andikap yo ap patisipe nan korikolòm edikasyon jeneral la ke yo kapab adapte pou diferan nivo ansèyman ak diferan anviwònman (tankou kou Ansèyman yon gwoup pwofesè k ap kolabore ofri elèv Collaborative Team Teaching (CTT) oswa kou edikasyon espesyal endepandan). Adaptasyon yo kapab genyen ladan yo itilizasyon sipò didaktik tankou kalkilatris ak sipò vizyèl, plis tan pou aprann nouvo teknik, epi diminye nan longè devwa yo pou ede elèv ki gen andikap yo satisfè nòm yo.*

# Mande pwofesè pitit ou



Nòm aprantisaj yo ofri w yon gwo opòtinite pou pale avèk pwofesè yo sou sa pitit ou ap aprann nan lekòl la ak fason ou kapab sipòte aprantisaj sa a lakay ou. Men kèk kesyon ou kapab vle poze.

## Pou konnen plis sou yon nòm :

- Èske ou kapab montre mwen kèk egzamp travay elèv la ki satisfè nòm sa a?
- Èske mwen kapab gade kèk travay pitit mwen ki konsène nòm sa a?
- Kilè pitit mwen ap travay sou nòm sa a pandan ane akademik lan?
- Ki aktivite ak materyèl w ap itilize nan lekòl la pou ede pitit mwen satisfè ak depase nòm sa a? Ki travay nan klas ak devwadmezon ou pral bay elèv yo?
- Ki kèk egzèsis mwen kapab fè avèk pitit mwen pou ede li avèk nòm sa a?
- Anplis nòm ki fè pati gid sa a, ki lòt nòm yo atann pou pitit mwen an aprann ane sa a?

## Pou konnen kouman pitit ou ap travay nan lekòl la :

- Nan ki matyè pitit mwen travay nan nivo klas la? Èske genyen kèk domèn kote pitit mwen bezwen amelyorasyon?
- Èske pitit mwen an ap li nan nivo klas li? Èske w ka montre m kèk liv pitit mwen an ka li?
- Konbyen tan pa jou pitit mwen pase ap travay sou chak matyè?
- Kouman ou evalye pitit mwen an sou matyè sa yo pandan ane a?

## Pou konnen fason pou w sipòte pitit ou :

- Anplis kanè yo, ki pi bon mwayen pou m rete enfòm sou fason pitit mwen ap travay?
- Si pitit ou a pa p travay nan nivo klas la : Ki èd lekòl la kapab ofri pitit mwen? Kisa mwen kapab fè lakay mwen pou ede pitit mwen travay pi byen nan lekòl la?
- Si pitit ou a nan nivo klas la oswa si li depase nivo klas la : Ki ankourajman ak sipò siplemantè ou sijere pou pitit mwen? Kouman mwen kapab ede pitit mwen lakay li?

# Lang e literati angle (ELA)

## Nan fen ane akademik lan, tout elèv yo ta dwe kapab :

- Li tèks literè ki enprime ak elektwonik an silans chak jou.
- Fikse objektif pèsònèl pou lekti epi montre chanjman nan abitud lekti.
- Rekonèt fason otè yo itilize mwayen literè, tankou konparezon ak metafò. Konparezon se konpare de bagay dirèkteman; metafò se konpare oswa refere endirèkteman a de bagay ki sanble.
- Evalye kontni lè yo idantifye detay ki enpòtan ak detay ki pa enpòtan, tèm ki toupatou nan travay yo, epitou diferan pèspektiv (tankou pèspektiv kiltirèl, etnik ak istorik).
- Itilize estrikti òganizasyonèl tankou konpare/opoze, kòz/efè, ak lòd kwonolojik pou modèl redaksyon ekspozisyon.
- Pwodui istwa imajinè ak istwa pèsònèl ki montre vizyon, pwogresyon lojik, òganizasyon ak langaj efikas.
- Pwodui divès redaksyon non-fiksyon ki orijinal, tankou rapò sou lekòl.
- Rekonèt pèspektiv lòt moun nan fè distenksyon ant enfòmasyon, pwendvi ak egzajerasyon.
- Poze kesyon eklèsisman, rezime ak eksplike yon liy rezònman.
- Revize pwòp redaksyon yo pou edite li pou òtograf, ponktiwayon ak konsistans nan tan vèb ki nan nivo klas la.



## Aprantisaj lakay

Estrateji sa yo kapab fèt nan lang natifnatal fanmi yo ak nan lang Angle tou.

**Mande pitit ou pou li fè yon lis liv pou li.** Fè pitit ou mete yon ti mak akote non liv li fin li yo epi fè li kontinye ajoute nouvo liv. Nou ta renmen pou chak elèv klas katyèm ane li omwen 25 liv pa ane, men sa se yon lis ki pa ta dwe janm fini.

**Kòmanse yon club liv fanmi.** Chwazi yon liv oumenm, pitit ou ak lòt manm fanmi an ap li. Fikse yon lè pou nou pale sou liv la ansanm.

**Diskite sou nouvel jounen an.** Chwazi yon istwa enpòtan nan nouvel yo epi pale sou sa li vle di pou katye w la ak pou fanmi ou.

**Explore anpil liv, pwogram, ekspozisyon, ak lòt resous pou timoun yo ofri pandan tout ane a nan bibliyotèk piblik Nouyòk [nypl.org](http://nypl.org) nan Bibliyotèk Piblik Brooklyn [www.brooklynpubliclibrary.org](http://www.brooklynpubliclibrary.org), ak nan Bibliyotèk Queens [www.queenslibrary.org](http://www.queenslibrary.org).**

**Fè vizit nan bibliyotèk bò lakay ou sou baz regilye chak semenn.**

# Matematik



## Aprantisaj lakay

**Ankouraje pitit ou remake fòm jewometrik nan bilding oswa nan sèn li abitye yo.** Pa egzanp, jwenn ang egi, ang obti ak ang dwa ki nan yon foto Brooklyn Bridge; kwadrilatè yon teren *baseball*; oswa diferan kalite poligòn ki sou pano nan lari a.

**Mande pitit ou pou li fè yon dyagram ki genyen tanperati elve ak ba yo rapòte nan vil Nouyòk pou yon mwa.** Ki modèl li kapab wè? Pale sou fason nonb yo kapab chanje semèn pwochè oswa pwochen mwa a.

**Kòmanse mete pyès monnen ki rete nan yon bokal epi envite tout moun pou yo patisipe nan yon objektif fanmi an.** Yon fwa pa semèn, mande pitit ou pou li adisyon pyès monnen yo epi pou li fè estimasyon pandan w ap reyalize objektif la.

**Chèche yon resèt fanmi ki ka bay kat moun manje.** Mande pitit ou pou li kalkile kantite chak engredyan li ta pran pou sèvi uit moun ak kantite ki nesèsè pou sèvi de moun.

## Nan fen ane akademik lan, tout elèv yo ta dwe kapab :

- Li ak ekri nonb antye jiska 10.000.
- Awondi nonb pou rive nan dizèn ki pi rapwoche a (pa egzanp awondi 878 pou rive li a 880) ak nan santèn ki pi pre a (pa egzanp, awondi 446 pou mete li a 400).
- Rekonèt yon desimal fè pati yon nonb antye. Pa egzanp, Sarah genyen 2 pyès 10 santim ak 2 pyès 1 santim. Sa kapab reprezante 0,22\$. Rekonèt fraksyon ki sèvi kòm pwen referans (mwatye, tyè, katriyèm, senkyèm, sizyèm ak dizyèm), epi idantifye fraksyon ekivalan (pa egzanp,  $\frac{1}{2} = \frac{2}{4}$ ) avèk modèl vizyèl.
- Konnen non poligòn yo, tankou triyang, pentagòn ak oktagòn. Konnen non poligòn yo asosye ak kantite kote ak ang yo. Pa egzanp, yon triyang genyen twa kote ak twa ang.
- Jwenn perimèt yon poligòn lè w adisyon longè kote yo.
- Klase ang yo an ang egi (mwens pase 90 degre), ang obti (pi gran pase 90 degre), ang dwa (egzakteman 90 degre), ak ang pla (180 degre).
- Itilize yon règ pou mezire pous antye, mwatye pous, ka pous, pye, yad, santimèt, ak mèl ki pi rapwoche a.
- Itilize done pou devlope ak pou fè prediksyon.
- Itilize obsèvasyon, sondaj ak eksperyans pou kolekte ak antre done. Montre done yo avèk tablo, istogram ak piktogram.
- Chèche konnen si yon fraz matematik vrè oswa fo epi eksplike poukisa.

# Syans

Syans nan klas katriyèm ane ap egzamine bèt ak plant ki nan anviwònman yo; elektrisite ak mayetis; pwopriyete dlo; ak entè-aksyon lè, dlo ak tè.

## Nan fen ane akademik lan, tout elèv yo ta dwe kapab :

- Eksplòre kouman plant yo pwodui manje lè yo itilize lè, dlo ak enèji solèy la.
- Dekri kouman kondisyon ki nan anviwònman an—tankou kantite manje ki disponib, dlo ak lè, espas, refij, chalè ak limyè solèy la—kapab afekte fason èt vivan yo devlope ak grandi.
- Konprann ke mayetis se yon fòs ki ka attire oswa repouse kèk matyè.
- Obsève, dekri ak eksplòre pwopriyete fizik dlo.
- Teste objè yo pou detèmine si yo plonje oswa flote.
- Obsève diferan sibstans, tankou lwil oswa savon likid, pou wè kouman yo melanje avèk dlo.
- Etidye ak dekri kouman matyè transfòme de yon eta a yon lòt—pa egzanp, de solid (glas) a likid (dlo) a gaz (vapè dlo).
- Dekri fason ewozyon chanje sifas tè a.
- Dekri fason dlo yo resikle sou latè atravè pwosesis natirèl presipitasyon, kondansasyon ak evaporasyon.
- Eksplòre efè—pozitif ak negatif alafwa—ke yon siklòn, dife nan forè oswa lòt evènman natirèl ekstrèm genyen sou èt vivan yo.

## Aprantisaj lakay

**Pale avèk pitit ou sou fason elektrisite afekte kay ou.** Fè lis kèk fason lavi ou ta diferan si pa t genyen elektrisite.

**Ede pitit ou fè yon teraryòm terrarium** (chèche eksplikasyon nan sit wèb, [www.kids.nationalgeographic.com/Activities/Crafts/Miniature-garden](http://www.kids.nationalgeographic.com/Activities/Crafts/Miniature-garden) oswa nan bibliyotèk). Pale sou fason plant yo jwenn dlo ak manje lè teraryòm terrarium lan fèmen.

**Ansanm avèk pitit ou, chèche egzanp ewozyon ki toupre lakay ou.** Ki kote dlo a te sòti ki te lakòz ewozyon an? Ki kote li te ale?

**Pitit ou kapab aprann plis** sou wòl dlo nan diferan domèn syans sou Ology, sit wèb American Museum of Natural History pou timoun, [www.amnh.org/ology/water](http://www.amnh.org/ology/water).



## Aprantisaj lakay

Antan yon fanmi, vizite pak Nouyòk oswa lakou rekreyasyon ki toupre lakay ou. Chèche senbòl istorik ki endike istwa kote a ak moun pak la pote non an. Pou jwenn kote yon pak oswa yon senbòl ye toupre lakay ou, ale sou sit wèb [www.nycgovparks.org/sub\\_your\\_park/historical\\_signs.html](http://www.nycgovparks.org/sub_your_park/historical_signs.html).

**South Street Seaport Museum (admisyon a pri redwi pou elèv rekreye senbòl ak son premye endistri ekspedisyon Nouyòk.**

Ale sou sit wèb mize a, [www.southstreetseaportmuseum.org](http://www.southstreetseaportmuseum.org), pou jwenn yon istwa ak kwonoloji pò maritim ak imaj apati ekspozisyon yo.

**The African Burial Ground ap selebre kontribisyon ak eritaj Afriken nan vil kolonyal Nouyòk.** Ale sou sit wèb komemorasyon an sou [www.africanburialground.gov](http://www.africanburialground.gov).

**Mande pitit ou pou li jwenn non ak adrès prezidan minisipalite kote w ap viv la ak manm Konsèy minisipal pou katye w la. Ki kalite pwoblèm yo chak ap jere?** Ekri yon lèt pou voye ba youn ladan konsènan yon pwoblèm ki nan zòn ou.



# Syans sosyal

Nan syans sosyal klas katriyèm ane, elèv yo ap eksplore istwa ak gouvènman vil ak Leta Nouyòk.

## Nan fen ane akademik lan, tout elèv yo ta dwe kapab :

- Konnen ak konprann lide debaz sou fason peyi nou an, Eta nou an ak Vil nou an te devlope, avèk tou lavi premye Endyen Ameriken yo nan Leta Nouyòk; peryòd kolonyal la ak peryòd Lagè revolisyonè a; ak devlopman endistri, vil yo ak gouvènman yo.
- Itilize aptitud ki ede yo jwenn enfòmasyon ak bay opinyon sou sijè syans sosyal. Pa egzanp, pran nòt pou kolekte ak òganize enfòmasyon pou idantifye pwendvi, travay ansanm pou kreye prezantasyon an gwoup, epi rezime evènman ak pwoblèm ki egziste yo.
- Fè rechèch epi fè prezantasyon sou divès sijè nan syans sosyal, tankou jewografi, istwa, gouvènman, ak ekonomi, ki asosye ak istwa Nouyòk ak Etazini.
- Konprann ak dekri sekans evènman ki te lakòz Lagè revolisyonè a, avèk tou faktè ekonomik yo, tankou taks ak resous, ki te lakòz lagè a.
- Konprann ak eksplike fason pozisyon vil Nouyòk te enpòtan nan devlopman endistri, Leta Nouyòk, ak Etazini.
- Fè rechèch epi aprann sou anpil gwoup imigran ki te vini nan vil Nouyòk lontan ak kounye a.
- Konnen dokiman enpòtan ki fonde Etazini tankou Deklarasyon Endependans lan, Konstityisyon an, ak Deklarasyon Dwa Moun, ak fason yo ede nou konprann wòl gouvènman an nan yon demokrasi.
- Konpare ak diferansye travay gouvènman lokal, gouvènman leta ak gouvènman federal.
- Apresye enpòtans sitwayènte ak patisipasyon aktif nan gouvènman an.

# Plis konesans ak aptitud enpòtan

Elèv klas 4yèm ane nou yo ap aprann plis pase li, ekri, fè matematik, ak konprann konsèp enpòtan yo nan syans ak nan syans sosyal.

- **Boza** : Elèv klas 4yèm ane yo ap etidye boza vizyèl, dans, mizik ak edikasyon nan teyat. Yo p ap aprann sèlman matyè sa yo, men tou y ap jwenn chans pou kreye oswa jwe oswa fè toulède pou pwòp travay boza yo, kit se yon penti, yon dans, yon pyès teyat oswa yon mòso mizik. Pou plis detay, ale sou : [www.nyc.gov/schools/languages/haitiancreole/academics](http://www.nyc.gov/schools/languages/haitiancreole/academics).
- **Egzèsis fizik ak sante** : Elèv yo ap angaje nan divès kalite opòtinite pou yo aktif sou plan fizik, aprann fason pou pran desizyon pou sante yo, devlope yon mòdvi an sante, epi fè divès kalite aktivite fizik tradisyonèl ak modèn. Pou plis detay, ale sou : [www.nyc.gov/schools/languages/haitiancreole/academics](http://www.nyc.gov/schools/languages/haitiancreole/academics).
- **Bibliyotèk ak Rechèch** : Elèv yo kapab ale avèk bon kalite liv pou yo li lakay yo epi pou yo aprann aptitud pou itilize divès kalite resous edikatif ki ede yo nan tout matyè, tankou chwazi ak itilize sous apwopriye pou reponn kesyon; idantifye enfòmasyon ak detay ki sipòte lide prensipal yo; epitou prezante enfòmasyon yo akèl pou pwen prensipal yo kapab evidan. Pou plis detay, ale sou : [www.nyc.gov/schools/languages/haitiancreole/academics](http://www.nyc.gov/schools/languages/haitiancreole/academics).
- **Teknoloji** : Elèv klas katriyèm ane yo ap itilize òdinatè, kalkilatri, sit wèb ak lòt zouti teknoloji pandan tout jounen lekòl la ak lakay yo pou yo kapab genyen aksè a enfòmasyon, ekri, kominike, rezoud pwoblèm, epi pibliye travay yo. Yo ta dwe kapab tou diskite sou itilizasyon kouran teknoloji nan lavi toulejou, ak sou pwoblèm debaz pou itilizasyon responsab teknoloji ak konsekans pèsònèl sou itilizasyon ki pa apwopriye. Pou plis detay, ale sou: [www.nyc.gov/schools/languages/haitiancreole/academics](http://www.nyc.gov/schools/languages/haitiancreole/academics).

## Aprann plis

Gid sa a ofri sèlman yon ti rezime sou plizyè nòm pitit ou a ap gen pou l aprann ane sa a. Ou ka gade ak fè kopi gid sa yo pou tout klas, jadendanfan-8yèm ane menmjan ak tout nòm yo okonplè pou tout matyè ak tout klas sou sit wèb nou an nan [www.nyc.gov/schools/languages/haitiancreole/academics](http://www.nyc.gov/schools/languages/haitiancreole/academics).

Divizyon Ansèyman ak Aprantisaj ak Biwo pou Angajman ak defans dwa fanmi *Office for Family Engagement and Advocacy* (OFEA) ofri enfòmasyon adisyonèl sou edikasyon pitit ou a ak lide sou kouman ou ka ankouraje li, e lakay e nan lekòl pitit ou a. Pou plis enfòmasyon, ale sou toude, sit wèb Ansèyman ak Aprantisaj

[www.nyc.gov/schools/languages/haitiancreole/academics](http://www.nyc.gov/schools/languages/haitiancreole/academics) ak sit wèb OFEA

[www.nyc.gov/schools/languages/haitiancreole/OFEA](http://www.nyc.gov/schools/languages/haitiancreole/OFEA). Ou ka kontakte tou koòdonatè paran lekòl pitit ou a oswa OFEA nan (212) 374-2323 oswa pa Imèl nan [ofea@schools.nyc.gov](mailto:ofea@schools.nyc.gov). Anplis, ou ka telefone 311 pou plis enstitisyon kiltirèl ak istorik nan vil la pou w vizite ak pitit ou yo.



Department of  
Education

Joel I. Klein, Chancellor



T&I-7924 4th (Haitian Creole)